Pou Piblikasyon Imedya: 21/05/2025 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE AKSYON SIPLEMANTÈ POU SELEBRE AMELYORASYON KALITE DLO AK KONBAT FLOREZON ALG NUIZIB YO NAN ZÒN BASEN VÈSAN FINGER LAKES

Prèske 42 milyon dola pral distribiye pou aplikasyon meyè pratik jesyon pou diminye HAB ak pwoteje kalite dlo nan zòn basen vèsan Finger Lakes ki gen 11 konte ladan li

Bati sou envestisman rekò aktyèl ki ede diminye frekans florezon alg nuizib yo, anpeche ekoulman, pwoteje dlo pou bwè, epi sipòte kiltivatè lokal yo

Gouvènè Kathy Hochul jodi a anonse yo pral debouse 42 milyon dola bay Kowalisyon Lès Finger Lakes pou kòmanse (Eastern Finger Lakes Coalition) aplikasyon pwojè priyoritè ki pral ede diminye Florezon Alg Nuizib (Harmful Algal Blooms, HAB) nan zòn Basen Vèsan Finger Lakes la. Kowalisyon an pral aplike pwojè sou fèm ak deyò fèm yo ki konfòm ak plan dlo pwòp eta ak gouvènman federal la apwouve ansanm ak lòt plan prevansyon polisyon pou diminye plis nitriman ak ekoulman sediman nan basen vèsan nan Lès Finger Lakes yo. Envestisman sa a akonpli angajman Eta Leta 2024 Gouvènè a te pran pou devlope aksyon ki nesesè sou tè a pou adrese kòz prensipal florezon alg nuizib yo epi redwi siyifikativman dominans yo pandan y ap sipòte pwojè ki ede anpeche ekoulman nan lak yo epi amelyore rezistans klimatik.

"Pwoteje apwovizyònman dlo Nouyòk la se yon gwo priyorite pou Eta Nouyòk," **Gouvènè Hochul te deklare.** "N ap deplase finansman sa a rapidman pou akselere mezi pwoteksyon ak restorasyon basen dlo ki pral diminye kantite eleman nitritif ki antre nan Finger Lakes yo, amelyore kalite dlo, epi ede diminye frekans HAB yo, pandan n ap bati rezistans pou sipòte endistri agrikòl Nouyòk la. Dlo pwòp enpòtan pou kenbe sante kominote nou yo, pwoteje anviwònman nou yo, ak sipòte ekonomi lokal yo nan Finger Lakes."

Nan mwa out 2024, Eta Nouyòk te anonse ke 42 milyon dola, ke Lwa sou Obligasyon Anviwònman pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vèt (Clean Water, Clean Air and Green Jobs Environmental Bond Act) nan lane 2022 ansanm ak lòt resous kapital te sipòte, t ap dirije bay Koalisyon Lès Finger Lakes pou plis pwoteksyon kalite dlo ak envestisman pou amelyore kalite dlo ak diminye HAB nan zòn basen vèsan Finger Lakes la. HAB yo gen plizyè faktè ki lakòz yo epi yo gen enpak sou sante piblik, lwazi, ak ekonomi lokal

la. Kowalisyon an kouvri 11 Distri Konsèvasyon Tè ak Dlo ak sèt nan Finger Lakes Nouyòk yo – Canandaigua, Keuka, Seneca, Cayuga, Owasco, Skaneateles, ak Otisco, ansanm ak basen vèsan yo.

Finansman espesyal sa a, ki pwograme pou rive byento bay Koalisyon an, ap sipòte pwojè agrikòl inovatè ak rezistans alafwa sou fèm yo ak andeyò yo. Envestisman kritik sa a p ap sèlman pwoteje sante Finger Lakes, men li pral sipòte tou kiltivatè lokal yo nan bay resous siplemantè pou aplike meyè pratik jesyon, tankou kontwòl ewozyon ak sediman, jesyon eleman nitritif, ak jesyon dlo lapli ki pral kontribye nan dlo pi pwòp ak sante tè nan tout rejyon an.

Sipò dirèk Kowalisyon an fè pati patenarya Depatman Agrikilti ak Mache (Agriculture and Markets, AGM) ak Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Departments of Environmental Conservation, DEC), ansanm ak Komite Konsèvasyon Tè ak Dlo Eta a (State Soil and Water Conservation Committee), ak 11 Distri Konsèvasyon Tè ak Dlo (Soil and Water Conservation Districts, SWCD) nan Lès Finger Lakes yo pou akselere mezi pwoteksyon ak restorasyon basen vèsan pou amelyore kalite dlo ak diminye HAB yo.

Pwojè yo pral konsantre sou:

- Aplike pwojè pwogram Jesyon Anviwònmantal Agrikòl (Agricultural Environmental Management, AEM) yo pou ede kiltivatè yo diminye polisyon dlo nan aktivite agrikòl yo;
- Amelyore rezistans inondasyon nan estabilize ak pwoteje kouran dlo vilnerab yo, diminye ewozyon sediman, ak amelyore ponso ak aplike pratik kontwòl dlo an fòs bò wout ki apik pou minimize sedimantasyon ak ekoulman; epi
- Sipòte estrateji rediksyon eleman nitritif ki dekri nan plan ki baze sou basen vèsan yo.

Komisè Enterim Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation) la, Amanda Lefton, te deklare, "Envestisman kontinyèl Gouvènè Hochul yo pou diminye frekans HAB yo klè nan sipò kontinyèl pou Kowalisyon Lès Finger Lakes la, ansanm ak finansman enfrastrikti rekò ak asistans agrikòl dirab ki ede kontinye amelyore kalite kò dlo yo atravè tout eta a. DEC ap tann ak anpil enterè pou l kolabore avèk Kowalisyon an ansanm ak anpil patnè nou yo nan nivo Eta ak lokal pou asire pwoteksyon alontèm lak ak rivyè ki bay anpil kontribisyon anviwònmantal, sante, ak ekonomik pou kominote dinamik nan rejyon an."

Komisè Agrikilti Eta a (State Agriculture), Richard A. Ball, te deklare, "Nou fyè de travay n ap fè pou diminye ka HAB yo; sepandan, nou konnen gen plis ki pou fèt pou adrese pwoblèm sa a nan basen vèsan nou yo, enkli nan Finger Lakes yo. Ansanm, nou te devlope plan daksyon global ki pral non sèlman ajoute sou travay n ap fè aktyèlman la pou nou anpeche polisyon dlo yo, amelyore jesyon sibstans eleman nitritif yo, epi redwi ewozyon men tou pou gide objektif nou gen pou yon anviwònman dirab ak

etandi dlo ki pwòp. Finansman sa a pral pèmèt Distri Tè ak Dlo nou yo travay ak alafwa fèm nou yo ak gouvènman lokal yo pou yo konplete pwojè jesyon ki pral gen yon enpak kritik sou rediksyon sediman ak eleman nitritif k ap antre nan vwa navigab yo epi pwoteje kalite dlo pou rejyon an kounye a ak alavni."

Komisè Depatman Sante Eta a (State Health Department), Doktè James McDonald, te deklare, "Dènye finansman sa a montre angajman Gouvènè Hochul pou adrese amelyorasyon kalite dlo ak Florezon Alg Nuizib nan zòn basen vèsan Finger Lakes la. Depatman Sante Eta a pral kontinye travay nou ak founisè dlo lokal yo ak patnè eta nou yo sou amelyorasyon enfrastrikti ak asistans teknik pou ede pwoteje dlo pou bwè pou anpil ane k ap vini yo."

Direktè Egzekitif SWCD Cayuga, Doug Kierst, te deklare, "Avèk sipò kontinyèl Eta Nouyòk la, Distri Konsèvasyon Tè ak Dlo nan Kowalisyon Lès Finger Lakes ap kontinye aplike pratik konsèvasyon ki lojik sou teren, kote yo pi bezwen yo. Finansman espesyal sa a pral pèmèt SWCD yo konsantre sou aplikasyon yon bon kantite Mèyè Pratik Jesyon (Best Management Practices) nou te idantifye atravè Rejyon Finger Lakes la. Lè pwojè enpòtan sa yo fini, yo pral fasilite pwoteksyon kalite dlo a pa diminye kantite eleman nitritif ak sediman ki antre nan kò dlo lokal yo, sipòte objektif dlo pwòp Eta Nouyòk epi kenbe dirabilite agrikòl la."

Efò Diminisyon HAB yo
Envestisman sa a bati sou 1.2 milyon dola ke Gouvènè a te anonse nan mwa jiyè 2024 pou Kowalisyon Lès Finger Lakes la pou devlope kapasite pwofesyonèl pou adrese HAB yo. Li te enkli tou ogmantasyon nan sipò teknik pou kiltivatè yo pou yo aplike plis kouvèti rekòt, amelyore pasaj dlo yo pou diminye ekoulman dlo, amelyore sante tè a, epi diminye pwoblèm kalite dlo nan rejyon an.

Nan yon ti kras plis pase senk dènye ane yo, AGM te dedye prèske 125 milyon dola—atravè pwogram li yo tankou Kontwòl ak Abatman Sous Agrikòl ki Pa Defini (Agricultural Nonpoint Source Abatement and Control), Agrikilti Rezistan ak Chanjman Klimatik (Climate Resilient Farming), ak Jesyon Anviwònman Agrikòl (AEM)—pou pwojè sou fèm ki pwoteje kalite tè ak dlo, konsève resous natirèl, konbat chanjman klimatik, epi diminye kondisyon ki lakoz HAB yo, tankou ekoulman eleman nitritif, ewozyon tè, ak emisyon gaz ki lakòz efè tèmik.

Atrave plizyè sous finansman yo repati nan bidjè a, Depatman an sipòte SWCD yo, ki travay nan non fèm nan Nouyòk yo pou mete an aplikasyon pi bon pratik kontwòl eleman nitritif ak sediman. Depatman an sipòte tou SWCD nan travay yo ak minisipalite Eta a pou ogmante absòpsyon dlo lapli ak amelyore retansyon dlo. Sa yo fèt atravè pi bon pratik jesyon, tankou jesyon eleman nitritif atravè depo fimye, baryè vejetatif bò rivyè, kilti kouvèti konsèvasyon, jesyon dlo, ak plis ankò, atravè pwogram Eta a, te bay rezilta sa yo nan tout eta a:

Depi 2020, espesyalman nan zòn basen vèsan Finger Lakes la, yo te bay 66 milyon dola pandan senk dènye ane yo pou aplike pi bon pratik jesyon sou 370 fèm nan rejyon

sa a nan eta a. Pwojè ki jwenn finansman nan Finger Lakes sèlman yo diminye 14,880 kg (32,800 liv) fosfò total, 338,400 kg (746,000 liv) nitwojèn total, ak 19.5 milyon kg (43 milyon liv) sediman chak ane. Travay sa a tou diminye emisyon gaz ki lakòz efè tèmik agrikòl nan Eta Nouyòk nan prèske 43,000 tòn metrik ekivalan diyoksid kabòn chak ane e li fè yon enpak ki mezirab pou anpeche HAB nan kouran dlo eta a.

Depi 2017, DEC te travay ak moun ki gen enterè nan basen vèsan lak Canandaigua, Keuka, Seneca, Owasco, ak Skaneateles pou devlope plan dlo pwòp pou pwoteje ak amelyore kalite dlo. Anplis, DEC fini analiz Chaj Maksimòm Total Chak Jou (Total Maximum Daily Load) nan lak Conesus, Honeoye ak Cayuga yo. An 2018, DEC te òganize kat somè rejyonal pou egzamine kòz HAB yo epi devlope solisyon dirab pou diminye enpak yo. DEC te travay ak patnè Eta ak lokal yo pou devlope epi aplike Plan Aksyon HAB yo pou 13 mas dlo ki gen gwo priyorite, ki gen ladan plizyè nan Lès Finger Lakes.

Jiska prezan, Eta Nouyòk te bay plis pase 530 milyon dola sibvansyon pou pwojè nan tout eta a ki fèt pou diminye frekans florezon alg yo lè yo vize polisyon fosfò ak nitwojèn, ki se faktè ki deklanche sikonstans HAB yo. DEC te kreye tou pajwèb Sistèm Florezon Alg Nuizib Nouyòkk (New York Harmful Algal Bloom System, NYHABS) la, ki gen yon kat entèraktif ki bay lokal HAB aktif yo. Manm piblik la ta dwe rapòte HABS yo sispèk yo pou ekspè DEC yo kapab revize epi idantifye yo ak presizyon. Paske li difisil pou di yon HAB soti nan yon florezon alg ki pa nuizib, li pi bon pou evite natasyon, navigasyon, otreman rekreye ladan yo, oswa bwè dlo ak yon florezon yo sispèk. DEC ankouraje moun yo pou yo "Konnen l, Evite l, Rapòte l!" (Know it, Avoid it, Report it!) pandan tout ane a, sitou pandan ete a. Mwa ete yo se moman pik pou HAB yo - tan ki pi cho, kondisyon ki pi kalm, ak plis limyè solèy la pral souvan kontribye nan florezon yo.

Epitou depi 2014, DEC te bay plis pase 55.7 milyon dola pou 96 pwojè pou planifikasyon ak aplikasyon amelyorasyon kalite dlo nan basen vèsan Lès Finger Lakes atravè pwogram Pwojè Amelyorasyon Kalite Dlo ak Sibvansyon Planifikasyon Sous Agrikòl ki Pa Defini ak Sibvansyon Pou Katografi MS4 (Non-agricultural Nonpoint Source Planning and MS4 Mapping Grant). Pwojè yo finanse prepare rapò planifikasyon oswa dirèkteman amelyore kalite dlo oswa abita, ankouraje rediksyon risk inondasyon, restorasyon, ak amelyore rezistans fas ak inondasyon ak klima, oswa pwoteje yon sous dlo potab. Prim nan basen vèsan Lès Finger Lakes enkli akizisyon tè pou pwoteksyon dlo sous, estabilizasyon bèj ak twou nan wout, dezenfeksyon dlo ize, amelyorasyon debòdman egou sanitè, kontwòl sediman ak ewozyon, restorasyon marekaj, zòn tanpon rivren, estokaj sèl, ak restorasyon abita akwatik.

Omwen sibvansyon 75 milyon dola yo disponib nan moman an atravè pwogram Pwojè Amelyorasyon Kalite Dlo (Water Quality Improvement Projects, WQIP) pou sipòte nouvo pwojè ki ka ede redui HAB yo ak lòt aksyon dirèkteman amelyore kalite dlo oswa abita akwatik, ankouraje rediksyon risk inondasyon, restorasyon, ak amelyorasyon rezistans inondasyon ak klima oswa pwoteje yon sous dlo potab.

Lòt finansman resan yo pou ede pwoteje kalite dlo a gen ladan plis pase 90 milyon dola nan sibvansyon ak finansman nan enterè ki ba nan Vil Auburn Gouvènè Hochul ak Kòporasyon Enstitisyon Anviwònmantal (Environmental Facilities Corporation, EFC) Eta a te anonse. Sa pral sipòte planifikasyon, konsepsyon, ak konstriksyon amelyorasyon tretman dlo ize. Pou ede pwomouvwa zòn tanpon ki anpeche ekoulman ak lòt pwoblèm kalite dlo, DEC te etabli Zòn Jesyon Bèt Sovaj Cayuga Shore ki mezire 116 ekta otou Cayuga Lake epi li te bay 1.2 milyon dola bay Fidisi Fonsyè Finger Lakes pou akizisyon tè pou pwoteje kalite dlo Owasco Lake la.

Angajman Nouyòk pou Kalite Dlo
Eta Nouyòk kontinye ogmante envestisman nasyonal li yo nan enfrastrikti dlo. Avèk yon lòt 500 milyon dola yo atribye pou enfrastrikti dlo pwòp nan Bidjè Eta yo adpote pou ane 2025-2026 la ke Gouvènè Hochul te anonse a, Nouyòk ap envesti yon montan rekò 6 milya dola nan enfrastrikti idwolik depi 2017. Anplis de sa, 4.2 milya dola Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal la ap ede ajans Eta yo, gouvènman lokal yo, ak patnè yo jwenn aksè ak finansman pou pwoteje kalite dlo a, ede kominote yo adapte yo ak chanjman klimatik yo, amelyore rezistans, ak kreye djòb vèt. Finansman Lwa sou Obligasyon an pral sipòte pwojè nouvo ak elaji atravè eta a pou pwoteje sous dlo potab yo, diminye polisyon, epi pwoteje kominote yo ak resous natirèl kont chanjman klimatik yo.

Gouvènè a te elaji Ekip Asistans Kominotè (Community Assistance Teams, CAT) EFC yo tou pou ede tout kominote yo jwenn asistans, patikilyèman ti kominote riral yo, ak kominte ki defavorize yo pou yo ka pwofite finansman sa a ak adrese bezwen enfrastrikti pwòp dlo yo. Yo ankouraje nenpòt kominote ki bezwen èd pou finanse enfrastrikti dlo li yo pou kontakte EFC.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU